

KONSÈY EDIKASYON NYC POU KOMINOTE AK POU TOUT VIL LA



2025 GID POU ELEKSYON YO

EDE FÒME EDIKASYON TIMOUN NOU YO!

NYC
Public
Schools

NYC
EDUCATION COUNCILS

on.nyc.gov/Elections2025

[f](#) [@](#) [X](#) [v](#) /nycschools

Kisa Konsèy Edikasyon pou Vil ak Kominote (CCEC) ye ak kisa yo fè?

Konsèy Edikasyon yo ede prepare règleman ak priorite pou Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS). Dapre lalwa, chak konsèy gen pouvwa ak responsablite konsènan yon seri bagay, tankou travay dirèkteman avèk sipèntandan distri yo, revize pwogram edikasyon, apwouve liy fwontyè lekòl, ak fè rekòmasyon pou amelyore sèvis pou elèv NYCPS. Gen 32 Konsèy edikasyon pou kominote (CEC) ak 4 Konsèy pou tout Vil la



Konsèy Edikasyon pou Kominote (CEC)

CEC yo paran volontè ak lidè kominotè ki devwe pou sipòte lekòl distri lokal yo pou amelyore rezilta elèv. Responsablite yo se:

- Travay avèk sipèentandan lokal pou evalye pwogram edikasyon ak pwogrè elèv
- Rekòmande amelyorasyon nan bilding lekòl
- Kontribiye nan pwosesis anbochaj la pou sipèentandan ak kowòdonatè paran epi evalye sipèentandan chak ane
- Apwouve limit zòn sipèentandan an soumèt yo
- Òganize reyinyon kominotè avèk Chanselye a epi fè odisyon sou bidjè ak lòt bagay kote NYCPS oblije kolekte opinyon piblik la
- Patisipe nan odisyon piblik nan kolaborasyon ak bay opinyon sou fèmte ak mete lekòl nan menm bilding.
- Fè reyinyon piblik chak mwa pou paran enfòmè sou regleman NYCPS epi pataje enkyetid.
- Sipòte kominote lekòl yo lè yo konekte paran avèk resous epi travay avèk Ekip lidèchip lekòl (School Leadership Teams, SLT)

Konsèy Edikasyon Vil la (Citywide Education Councils)

Konsèy edikasyon vil la se paran volontè ak lidè kominotè ki responsab pou konseye ak fè kòmantè sou pratik edikasyon NYCPS ki konsène popilasyon elèv ki espesifik.

Gen kat konsèy pou vil, chak reprezante yon gwoup elèv anpatikilye:

- Konsèy Vil la pou lekòl segondè (Citywide Council on High Schools, CCHS)
- Konsèy Vil la pou elèv k ap aprann lang angle (Citywide Council on English Language Learners, CCELL)
- Konsèy Vil la pou edikasyon espesyal (Citywide Council on Special Education, CCSE)
- Konsèy Vil pou distri 75 (Citywide Council for District 75, CCD75)

Konsèy edikasyon dapre nonb

32

Konsèy edikasyon pou kominote (CEC) reprezante **32 distri lekòl kominotè** nan senk borough

+

4


Konsèy pou vil la ki reprezante **elèv lekòl segondè, elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL), ak elèv ki gen andikap** nan senk borough

=

36

Konsèy edikasyon

Chak **Konsèy edikasyon pou kominote (CEC)** gen 12 manm ki ka vote ak de manm ki pa ka vote ki sipòte lekòl ki nan distri yo:



Nèf se paran oswa responsab elèv nan klas Pre-K rive klas 8yèm ane nan lekòl distri yo.

● Se paran elèv ki ale nan lekòl sa yo ki eli manm sa yo.

○ **Yonn** nan nèf sa yo dwe se yon paran oswa responsab yon elèv ki gen IEP.

○ **Yonn** nan nèf sa yo dwe se yon paran oswa responsab yon elèv ELL

● **Yonn** se paran oswa responsab yon elèv ki nan lekòl oswa pwogram distri 75 (D75) nan distri CEC a. Se paran elèv ki nan lekòl ak pwogram sa yo ki eli manm sa a.

● **De** se moun ki abite nan distri a oswa ki se lidè biznis Prezidan Borough a nome.

• Anplis, chak CEC gen ladan **de** elèv dènye ane ki pa ka vote, k ap viv nan distri a ke sipèntan kominotè a nome.

Kat **Konsèy edikasyon pou vil** la yo reprezante:

- Elèv lekòl segondè (Konsèy Vil la pou lekòl segondè)
- Elèv k ap aprann lang anglè (Konsèy Vil la pou elèv k ap aprann lang anglè) ak
- Elèv ki gen andikap (Konsèy Vil la sou edikasyon espesyal ak Konsèy Vil la pou Distri 75).

Chak Konsèy edikasyon pou vil la bay konsèy sou regleman edikasyon, fè yon rapò anyèl konsènan efikasite regleman ak pratik NYCPS epi fè reyinyon piblik chak mwa pou paran enfòmè sou regleman NYCPS ak pataje enkyetid.

Konsèy vil la pou lekòl segondè (CCHS) gen 13 manm ki gen dwa vote ak yon manm ki se yon elèv ki pa gen dwa vote.:



- **Dis** (de nan chak borough), se paran oswa responsab lekòl segondè nan borough a ki eli yo.
- **Yonn** se Defansè piblik la ki nome l, dapre eksperyans yo nan biznis oswa nan edikasyon.
- **Yonn** se CCSE a ki nome l epi li dwe se yon paran oswa responsab yon elèv lekòl segondè ki gen IEP.
- **Yonn** se CCELL la ki nome l epi li dwe se yon paran oswa responsab yon elèv ELL nan lekòl segondè.
- **Yonn** se elèv dènye ane lekòl segondè ki pa gen dwa vote, ke Komite Konsiltatif elèv Chanselye a nome.

Konsèy vil la pou elèv k ap aprann lang anglè (CCELL) gen manm ki ka vote ak yonn ki pa manm ki ka vote



- **Nèf** se paran oswa responsab elèv ELL ki nan yon pwogram an de lang (Dual Language, DL) pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon (Transitional Bilingual Education, TBE) oswa pwogram anglè kòm yon nouvo lang (English as a New Language, ENL) aktyèlman oswa nan espas de dènye pase yo. Se paran elèv ki se ELL kounye a ki eli manm sa yo.
- **De** moun ki gen gwo eksperyans ak konensans konsènan edikasyon elèv ELL ke Defansè piblik la nome.
- **Yon** elèv lekòl segondè ki se ELL (oswa ki te ELL) ki pa ka vote, ke Office of Multilingual Learners in NYCPS nome.

Konsèy vil la sou edikasyon espesyal (CCSE) gen 11 manm ki gen dwa vote ak yon manm ki pa gen dwa vote:



- **Nèf** se paran oswa responsab elèv ki gen yon IEP k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal ke NYCPS peye. De nan nèf yo dwe se paran oswa responsab elèv ki nan pwogram D75. Manm sa yo se paran elèv ki gen yon IEP nan lekòl leta, ki pa lekòl charter ki eli yo.
- **De** moun ki gen eksperyans ak konesans, trening oswa nan anplwaye moun ki gen andikap ke Defansè piblik la nome.
- **Yon** elèv lekòl segondè ki nan dènye ane ki gen IEP ke Office of Special Education nome.

Konsèy vil la pou Distri 75 (CCD75) gen 11 manm ki ka vote ak yon manm ki pa ka vote:



- **Nèf** se paran oswa responsab timoun ki nan yon lekòl oswa pwogram distri 75, se paran elèv ki nan lekòl/distri 75 ki nome yo.
- **De** manm se Defansè Piblik la ki nonmen yo; yoi dwe se moun ki gen anpil eksperyans ak konesans nan edikasyon, trening oswa nan anplwaye moun ki gen andikap.
- **Yon** elèv lekòl segondè nan dènye ane ki pa ka vote, ke sipèentandan distri 75 lan nome.

Eleksyon CCEC 2025: Rezime kalandriye a

MI JANVYE-MI FEVRIYE

Peryòd aplikasyon

Aplike pou yon plas nan Konsèy Edikasyon Kominote

FEN FEVRIYE-FEN AVRIL

Fowòm Kandida

Kandida yo pataje rezon yo ta dwe eli yo.

FEN AVRIL-MI ME

Vote sou entènèt

Peryòd vòt la pral fini
13 me 2025.

2025 JEN

Dat rezilta

1^{ye} JIYÈ 2025 -30 JEN 2027

Manda manm Konsèy
edikasyon yo

Kreye yon Kont Lekòl leta Vil Nouyòk (NYCSA)

Pou kapab kandida pou yon plas nan yon Konsèy edikasyon OSWA vote nan eleksyon konsèy 2025 yo, ou **dwe** gen yon kont Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) sou non w, kote ou konekte tout timoun ou yo. Jwenn plis enfòmasyon nan **schools.nyc.gov/NYCSA** epi anwole jodi a nan **schoolsaccount.nyc**.

Jwenn plis enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon, al sou sit

on.nyc.gov/Elections2025

    **[/nycschools](https://nycschools)**